Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул
1 июль
РУЗМАН
№ 27
(7410)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Барки

**ХIурматиял районцоял!**

Баркула нужеда тIаде щолеб КIалбиччаялъул гIид!



КIалбиччан къо ккола гIадамал цолъизарулеб, инсанасул рахIму буголъи ва лъикIлъи бихьизабулеб байрамлъун.

Аллагьс ккурал кIалал, рахъарал сахIал, гьабураб гIибадат ва садакъа аза-азариде бахинабун, къабул гьабеги. Рамазан моцIалъул баракатги нилъеда тIаса унгеги.

Гьарула щивасе талихI, рохел, икъбал ва чорхое сахлъи.

**А.Вечедов,** районалъул бетIер

* * *

**Хириял диналъул вацал ва яцал!**

Баркула нужеда тIаде щолеб бусурбабазул байрам-КIалбиччаялъул гIидалъул къо. Аллагьас нилъер киназулго кIалалги, бахъараб сахIги, гьабураб гIибадатги, садакъагун лъикIаб гIамалги къабул гьабеги.

КIал биччалеб къоялъ кутакалда беццараб буго гIага-божаразухъе, унта-щокъазухъе зиярат гьаби, гьединго цоцадаса тIаса лъугьин. Гьарула нужее киназего иман щулалъи ва Аллагьасе гIоло гьарулел лъикIал ишал цIикIкIин.

ЦIунаги Аллагьас нилъ дуниялалъул балагьаздаса ва ахираталъул гIазабаздаса, тавпикъ кьеги хаду-хадубги Рамазан моцI Аллагь разияб хIалалда тIобитIизе.

**С-ХI. ПирмухIамадов,** районалъул имамзабазул Советалъул председатель

## Росдал гIузрабазул бицана

23 июналда районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас къабул гьаруна КIочIали ва Гьигьихъ росабазул вакилзаби: росдал администрациялъул бетIер МухIамад ГIалиев, мажгиталъул имам ХIамзат Саидов, росдал ва районалъул Собраниялъул депутатал. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместителал, районалъул лъайкьеялъул отделалъул ва нухазул участкаялъул нухмалъулел.



Дандельиялда вакилзабаз рорхана росдал социалиябгун-экономикияб рахъ цебетIеялъул суалал, хас гьабун - КIочIали лъималазул ахалъе цIияб мина баялъул, Гьигьихъ школа рагьиялъул, райбольницаялда балеб спортзалалъул хIалтIи рагIалде бахъинабиялъул ва цогидалги.

ТIагьир Халидовас баян гьабуна КIочIали ва Гьигьихъ росабалъ социалияб рахъалъ гьаризе кколел хIалтIабазул ва гьел тIураялъе росдал администрациядагун депутатазда церечIарал масъалабазул.

Экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялде дандечIеялъе гIолилазулгун гьабизе кколеб хIалтIул бицана МухIамадрасул Гагиевас.

Дандельиялъул ахиралда районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас КIочIали росдал бетIер ва имамгун депутатал ахIана гьарулел хIалтIаби росабазул жамагIатазда мугъ чIван, гьелгун дандран гьаризе. Гьединго тIадкъайги къуна гьел ишал тIаде кколел идарабазул нухмалъулезе гьоркьор лъурал суалал тIураялде кIвар буссинабизе.

**М. Къасумов**

## Нухалги мехалги

# Анищ тIубана

**Гьал къояз Агъвали школалде унеб аслияб нухда хьил тIун рагIалде бахъана. ТIубана агъвалисезул цоги анищ.**

Мажгиталъул къададасан бахъунги, гамачI нухал къачIаялъе биччай абураб аби гIемер ракIалде щола районалъул нухал рихьидал. Цоял - вертолет рещтIинабизеги рес бугел санагIатал, гIатIидал, цогидалкIиго машина дандчIвани, церехун ине хIинкъарал. Ай, батIи-батIияб къерал ва суртал руго районалъул нухазул.



Нухал ккола халкъалъул социалиябгун экономикияб рахъ лъикIлъизабиялде лъолеб аслияб галилъун.

Районалда ругел нухазде кIвар кьей, росабалъе цIиял нухал рахъи, ругел рацIцIун, гIатIид гьарун къачIай бугин абизе бегьула районалъул нухмалъиялда церечIарал масъалабазул цояб.

Кидаго хIурульги хIарщульги къан букIунеб районалъул администрациялъул минаялдасан эхеде Агъвали школалде щвезегIан къотIноб ва школалъул азбаралде гьал къояз хьил тIун рагIалде бахъана.

Гьеб нухда гьарурал хьилтIеялъул хIалтIабазул нижер мухбиралъе бицана районалъул архитектор АхIмад ТIагьировас.

-Араб анкь «Болъихъагропромдорстроялъулазе» кIалккеялъухъги бакъул бухIиялъухъги балагьичIого, хIалтIи цIикIкIарабльун кканин абизе бегьула. Щибаб къоялъ радал ичIгоялдаса къаси анкьго тIубазегIан, чIечIого хIалтIана гьел ва, гьездаго цадахъ, гьеб къватIккун ругел минабазул бетIергьабигун Агъвали школалъул мугIалимзабиги.

Гьеб нух цебего чара гьечIого хIажатабльун букIана хьил тIезе, щайгурельул районалъул ас-лияб къватIазул цояблъун кколеьул. Гьенисан школалде ва нахъе хьвадула цIалдохъабигун мугIалимзаби, лъималазул ахалде уна нусгояльде гIагарун лъимер, щибаб къойил рехе-эхеде хьвадула машинаби. Роччараб къоялъ хIарщул цIун, роцIцIараб къоялъ хIурул лангаз бетун ретIелгун рачIунаан лъимал рокъоре. ГIадамазул гIемер гIарзал рукIунаан гьеб нухда сверухъ. РукIана гьенир хьилтIей хираго чIолеб батани, ганчIил къанал ялъуни нухазда лъолел плитаби ккезеги бегьилин абурал пикрабиги.

Киналго разилъун, пикру ккана хьил тIезе. ХIалтIул кколел харжазул хIисаб гьабидал, 450 м. халалъи бугеб ва 2800м$^3$ къадар хIалтIуе гьелъул харжал рахана 2 926 997 000 гъурщиде 860м$^2$ бугеб школалъул азбарги жанибе бачун.

Хьил тIелалда цере, хаселалъ камичIо гьеб шагьранухда гьарулел хIадурлъиялъулал хIалтIаби: гьаруна ц1иял канализациял, хисана канализациялъул басриял марщаби, гьединго гIемерисез рачана гьенисанго лъел мухьалги. КъачIана нухккун бехе унеб лъалъалеб лъел рахьги. ПалхIасил, кIиабизе гьеб нухда гьелго хIалтIабазде тIадруссунаредухъ гьаруна гьенир хIадурлъиялъул хIалтIаби. Бальгояб жо кколарелъул, чанги бакIаздасан марщаби кьвагьун, хIарщгун лъел хIоралги гьенир камулел рукIинчIебльи.



Ва гьале, ралел цIадазухъ ва бухIараб бакъул къоязухъ балагьичIого, цо чи гIадин, рахъана киналго гьеб хIалтIуде. Баркала загьир гьабизе бокьун буго гьеб нухда хьилтIеялда хIалтIарал Агъвали школалъул коллективалъе, бетIералда гьелъул директор Шамил Абакаровгун ва къватIккун ругел минабазул бетIергьабазе жигараб хIалтIухъ. Хасаб баркала районалъул нухмалъиялъе, анкьил болжалалда жаниб гьабураб киналго разияб хIалтIухъ, ай, къураб рагIи ккеялъухъ ва тIаде босараб хIалтIи жидеца ракIбацIцIадго тIубарал «Болъихъагропромдорстрой» ОООялъул коллективалъе, бетIералда гьелъул нухмалъулев МухIамадрасул МухIамаевгун.

Жакъа гьеб нухалъул санагIалъиялъул ва берцинлъиялъул дица бицинаро, нужедаго бихьулеб батила халкъалъул гьелдаса бугеб разилъи. Роликаздагун велосипедазда рекIун, хIухьбахъулел лъималазул чIиргьи-хьуялъ цIун буго гьеб нухгун школалъул азбар. Агъвалисезул анищльун букхалкъалъул араб нух къачIана ва гьезул цоги анищ тIубана,-ян жиндирго рохел бачIинчIо, хабар бицунаго, АхIмадица.

...Кинабго лъикI буго. Бокьун гьечIо ахир-къадги хьилги тIун, къачIараб ва гьелдалъун гIадамалги рохараб нухлул харбиде цо-цо «амма» гьоркьоб къазабизе. Кинниги, йорчIулей гьечIо. Гьеб лъикI буго, дагIба баларо. Гьанже суал буго долго «роржинарулел» машинабазул ва гьебго къотIноб санитарияб низам цIуниялъул. Халкъалъул хьвади цIикIкIараб нух бугельул, бокьилаан гьебго къотIнор ругез цокIиго бакIалданиги, машинадул хехлъи дагълъиялъе лъолел эхедерарал разе гьенир. Бекилалдего бухьун лъикI гурищ бетIер?

Гьеб гуребги, къватIккун ругел минабазул бетIергьабазги кIвар кьезе ккола гьелъул цIуниялде. Квеш букIинаро цо лъабгониги рищни балеб гьитIинабго къали гьеб къватIккун лъуни, нухлулаз ришни базе. ГьитIинго рацIцIалъиялде ва къватIахъ хьвада-чIвадиялъул низамалде ругьунльила нилъер лъималги.

**Х. Залимханова**

Нухалги мехалги

# Нухазда хIинкъигьечIолъи букIинабиялде балагьизе ккела

Райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул бетIерасул заместитель М-Р. Гагиевасул нухмалъиялда гьоркь данделъана нухазда хьвадиялъулъ хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ районалъул комиссиялъул иргадулаб данделъи.

бербалагьи республикаялъул нухмалъиялде щвезабизе. Нухазда хIинкъи гьечIолъи букIинаби мурадалда Агъвали росулъ гьарулел ва гьаризе кколел хIалтIабазул бицунаго кьерукъаб хабар ккана ГИБДДялъул ва нухазул участкаялъул вакилзабазда гьоркьоб.



Комиссиялъул членаз ва тIаде ахIараз хал гьабуна районалъул нухазул участкаялъул нухмалъулесул заместитель Шамил ГIумаровасул нухазда хьвадиялъулъ хIинкъи гьечIолъи букIине мурадалда районалда гьарулел хIалтIабазул хIакъалъулъ информация.

Гьеб рахъалъ ахираб заманалда лъикIал хисабасиял лъугьунел ругониги, жеги хасаб бербалагьи гьабизе ккола Метрада, Сильди, Гьакьо, Гьадири ва Гьигьалъ росабалъе ругел нухазде. Жиндирго кIалъаязда районалъул ГИБДДялъул отделалъул нухмалъулев М. ГьазимухIамадовас Агъвали росдал администрациялъул бетIерасул заместитель ХI. ХIусеновас, Ш. ГIумаровас бихьизабуна районалъул росабалъе нухал къачIазе кинго данде кколарин районалъул нухазул участкаялъул кIиго гьитIинаб тракторги хIалтIизабун.

Районалъул нухазул участкаялъе техника къваригIун кьурал официалиял гIарзабазе тIаса-масаго къимат кьун толеб буго «Дагъавтодортрансалъул» нухмалъулез, къваригIараб буго районалъул нухмалъиялъ гьезул нилъедехун бугеб гьединаб

Нухазда лъун рукIарал эхедераял нухазул участкаялъул хIалтIухъабаз къватIире рахьун руго роцадуе (стандарт) данде кколарел рукIиналъ, гьезул бакIалда цого роцадул лъезе ругин абун, гьел хисизе эхедераял нухазул участкаялда гьечIониги. Гьел гьечIолъиялъ нухазда хьвадиялъулъ хIин-



къи цIикIкIунеб букIин баян гьабуна МухIамад ГьазимухIамадовас. Школалда ва лъимадазул ахазда цебе, гьединго лъимал ва гIадамал хьвадулел ва нух кьотIун унел бакIазда нухлул гIаламатал лъеялъул суалги роцIинабуна данделъиялда.

-Нухазда гьарулел хIалтIабаздехун нилъер бербалагьи хисизе ккола лъикIаб рахъалдехун, балагьизе ккола нухазда хIалтIулезул хIалтIул низамалде ва цIикIкIинабизе ккола гьездехун тIалабчилъи. ГИБДДялъул жавабчилъиялда барабги гIемер буго нухазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъулъги,-ян абуна данделъиялъул ахиралда М-Р. Гагиевас.

Гьоркьор лъурал суалазда тIаса комисссиялъ рекъон кколеб хIукмабиги къабул гьаруна.

ГI.Малачдибиров

ХIамзат Саидов:

# «Лъай буго нур - тIалаб гьабе гьеб!»

**Саидов ХIамзат гьавуна 1949 соналъул 19 июналда Гьигьихъ росулъ векьарухъанасул хъизаналда. ГьитIинго вукIун бижана исламалде рокьи. Исламияб лъай босана Эчеда ИдрисхIажида, Сасикь ХIайбулагьдибирида ва цогидалги гIалимзабазда цеве цIалун.**

**ЦIалун лъугIизабуна Дагъистаналъул университеталъул къватIисел пачалихъазул мацIазул факультеталъул паранг мацIалъул отделение.**

**ХIалтIана районалъул школазда паранг мацIалъул мугIалимлъун ва Агъвали, ТIинди, КIочIали ва Лаваша районалъул Урма росдал мажгитазул имамлъун. ГьабсагIат хIалтIулев вуго КIочIали росдал мажгиталъул имамлъун. Гьев ккола Россиялъул просвещениялъул мустахIикъав хIалтIухъан. ХIамзат-хIажиясулгун гара-чIвари гьабуна нижер мухбирас.**

**-Ассаламу гIалайкум, ХIамзат-хIажи.**

-ВагIалайкум ссалам варахIматуллагь.

**-Мун имамлъун росулъе тIадвуссун дагьабго заман буго. Кинаб ниятгун мун вачIарав, щиб дур хIалтIулъ аслияб масъалалъун дуца рикIкIунеб?**

-Аслияблъун дир хIалтIулъ дица рикIкIуна бусурманчи витIун ккезави, гьесда битIараб нух малъи. Аллагьасе (субхIанагьу ва тагIала) гьабулеб диналъуль руго жиндирго гIорхъаби, гьездаса нилъ къватIи анани, гьеб гIибадат Аллагьас (с.т.) къабул гьабуларо. Нилъеца гьабулеб гIибадаталъулъ кинабго жо букIине ккола КъурIаналда ва хIадисалда борцун, гьез малъула нилъеда кин гьабизе кколеб Аллагьасул (с.т.) дин.

**-ГьабсагIат росулъ гIолохъанаб гIелалъулгун дур кинаб хурхен ва гьоркьоблъи бугеб, дур пикруялъул рахъ кколищ гьез?**

-Росдал гIолохъабазулгун лъикIаб хурхен буго, дунги гьезие рагьарав вуго, бокьараб суалалъе дида аскIоре рачIун, лъай тIалаб гьабула. ГIолохъанаб гIел-нилъер хьул буго. Гьезда бараб буго нилъер букIинесеб, гьелдалъун дицаги хIаракат бахъулеб буго гьезие битIараб исламияб бичIчIи кьеялъе.

**-Гьеб рахъалъ районалда гьабсагIат бугеб хIалалда хурхун щиб дуца абилеб? Кин гIолохъабазда гьоркьоб хIалтIи гIуцIун лъикI?**

-Районалда бугеб щибаб росдал школалъул коллективги, росдал имамги цого рахъалда хIалтIулел ругони, гьелъул лъикIаб, пайда цIикIкIараб букIине буго. ГIун бачIунеб гIелалда гIемер бицине ккола нилъер умумузул, гьезул бахIарчилъиялъул, гIаданлъиялъул, ВатIан гIагараб ракь бокьиялъул хIакъалъулъ. Гьединал цадахъал тадбираз кьола лъикIал хIасилал.

**-ГьабсагIат Сириялда ругел рагъулал тункахIусияздa хурхун, гьенире арал ва ине ракIалда бугел гIолохъабазул хIакъалъулъ щиб дуца абилеб?**

-Сириялда унеб рагъул гIемер бицараб буго. Гьеб буго политикияб рагъ. Щибаб къукъаялъе къваригIун буго бетIерлъи гьабизе. Гьеб жаниб ккараб рагъда жеги тIад жубана ИГИЛ ва цогидалги къукъаби. Гьезул динияб рахъ босани, гьеб буго жидер пикрабаздалъун цогидал бусурбабазе цIакъ хIинкъи бу-



геб суал. Гьез абулеб буго жидер пикруялъул рахъ кколарел гIалимзаби, бусурбаби куфруялда ругилан. Дунялалдаго цIар рагIарав СагIудиязул гIалим МухIаммад ГIарифиясда 18 сон барав гIолохъанчияс абулеб буго: «Мун куфруялда вугилан ва цогидалги жеги машгьурал гIалимзабиги куфруялда ругилан, щайгурелъул, жидеца гьабулеб рагъ жигьад кколин ва гьелъул рахъ кколарелщинал куфруялда ругин».

МухIаммад ГIарифиясбицунеб буго гьез хисизарулел КъурIаналъул аятазул, Аварагасул (с.гI.в.) хIадисазул хIакъалъулъ. Гьединго гьес абулеб буго, цереккун соназ Американалъги БакътIерхьул улкабазги миллиардалги хвезарун гьабураб заралалдаса гIемерго цIикIкIанин ахираб 3-4 соналда жаниб ИГИЛалъ исламалъе гьабураб зарал абун. Гьединльидал, гIолохъабазе лъай тIалаб гьабизе хIажат буго тIоцебе. Щиб жо гьабизехъин вугониги, цебеккун гьабулеб ишалъул хIакъикъат лъазабе анцIцIул борцун.

Аварагас (с.гI.в.) абураб буго жиндир уммат гьалаг гьабизе бугин кIиго жоялъгIелму теялъ ва дуниялалъул боцIи бакIариялдалъунги.

**-Росулъ гIолилазда гьоркьоб гьабулеб бичIчIикьеялъул хIалтIи кин гIуцIун бугеб? Ругищ терроризмалъул идеологиялъул рахъ кколел гIолохъаби?**

-Мажгит рагьаралдаса нахъе нижер росдал гIолохъаби руго дин ва гьелъул бичIчIи тIалаб гьабулел, гьединго жидеего магIишат гьабулел. Гьеб кIиябго тIадабги буго бусурманчиясда. Гьеб рахъалъ дун гIолохъабазда разияв вуго. Бокьараб кумек гьабизе лъица абуниги хIадуралги рукIуна, махщел бугелги руго бокьараб хIалтIуе. Гьезул пикраби инсанасе, диналъул вацасе лъикIлъи гьабиялда, гьев рази гьавиялда тIад руго.

**-Сунца Дагъистаналъул гIолохъаби Сириялде рачунел ругел?**

-Сириялда гIолохъаби, рачунел руго, жидер тIубараб, камилаб лъай гьечIолъиялъ. ГIиллаби рукIине бегьула батIи-батIиял: цоязул материалияб рахъ квеш букIун, хIалтIи гьечIолъи, жидее вокьулев цевехьанасул насихIат. Гьел насихIатаз бецги, гIинкъги гьарурал руго гIемерисел. Гьеб буго дир пикру.

**-Кинаб насихIат дуца гьабилеб районалъул гIолохъабазе?**

-Дица гIолохъабазда абила: «Лъай буго нур, тIалаб гьабе гьеб!» Канлъиялъ чи вачуна битIараб, хIинкъи гьечIеб нухдаса. ЖагьиллЪи ккола бецIлъи ва чи гьоркьеги рехула, битIараб нух бихьичIого. Аллагьас кинazeго тавпикъ кьеги битIараб жо битIараблъун бихьизе ва гьеб ккезе, батIулаб жо батIулаблъунги бихьизе ва гьелдасан рикIкIалъизе. Амин!

М. Къасумов

## Лъималазул риидалил хIухьбахьи

23 июналда тIобитIана наркотиказде дандечIараб районалъул комиссиялъул иргадулаб данделъи.



Данделъиялда халгьаруна лъималазе риидалил хIухьбахьи гIуцIиялъул ва гIалхуда бижулеб габанидул хьоналъул хьархъал хвезариялъул суалал.

Исана лъималазе риидалил хIухьбахьи гIуцIиялъе риччан руго гIарцулал сурсатал. Жакъа къоялда нилъер районалъул 195 лъимералъ хIухьбахьи гьабулеб буго батIи-батIиял лагеразда. Гьеб ккола районалъул цIалдохъабазул гIаммаб къадаралъул 35 процент. ГIемерисел ккола жидеда наркотикал щиб жояли ва гьезул чорхое бугеб зарал бичIчIулел лъимал,-ян абуна гьес.

Районалда наркотикал хIалтIизарулел гIолохъабазулгун гьабулеб хIалтIул бицана МВДялъул районалда бугеб отделалъул оперативияв уполномоченный ГIабдулхабир ГIабдулхабировас.

«Нилъ киналго жавабиял руго жакъасел нилъер лъимал метерисеб къоялъ щаллъун рахъинел абураб суалалда цере.



Лъималазе риидалил хIухьбахьи гIуцIиялъул суалалда тIасан кIалъай гьабуна райадминистрациялъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель М.ГIумаровас.

-Лъимал лагеразде ритIиялъул суал бегIерго чIун букIуна районалда, гьединлъидал гьеб рахъалъ эбел-инсулгун гьабулеб хIалтIуде кIвар кьезе ккола нилъеца.

Гьединлъидал нилъеда тIадаб буго наркомания тIибитIи гьукъиялда, хасго лъималазда сверухъ къойилаб хIалтIи гьабизе»,-ян данделъиялъе ахир лъуна гьелъул хIалтIи бачарав районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевас.

**Газеталъул пресс-хъулухъ**

## Кумекалъухъ баркала



Школа сверухъ ва школалъул байданалда хьилтIеялъул хIалтIаби рагIалде рахъаниги, тIагIун гьечIо Агвали школалъул азбаралда хIалтIаби. Школалъул директор Шамил Абакаровасул нухмалъиялда гьоркь, кIалкквеялъухъ ва бакъул бухIиялъухъ балагьичIого, хIалтIулел руго мугIалимзабигун техникиял хIалтIухъабиги гьеб хIалтIи рагIалде бахьинабиялда.

«Нижеца гуреб, лъицаха гьабилеб нижер хIалтIи?»,-ян абураб ахIиялда гьоркь гьираялда хIалтIулеб буго школалъул коллектив. Школалъул азбарго суризабун букIараб маххул чали биххун цIигьабулеб буго. Кумекалъе гьабулеб буго цIалдохъабазул умумузги, хасго лъикIаб хIалтIи гьабуна махх регъолев СагIитбег ГьадиятулаеВас. Кумек гьабураз школалъул дирекциялъ баркала загьир гьабулеб буго.

**М.Зубаиров,** Агвали школалъул директорасул заместитель

## Обращение к женщинам района

Дорогие, милые женщины, девушки, девочки - представительницы прекрасной половины населения одного из красивейших уголков на земле, мои землячки-цумадинки!



Всем нам приятно, когда к нам приходят гости и хвалят красивый интерьер нашего дома, щедро накрытый стол и тщательно наведенную чистоту. Но им будет очень сложно оценить старания хозяев, если перед визитом их настроение будет испорчено грязным и захламленным двором, загаженными и полными мусора улицами, крайне неаппетитно пахнущими пищевыми отбросами, гниющими в пакетах, брошенных вдоль дорог. Мы говорим: «Мой дом - моя крепость». Но мы не сможем обеспечить комфорт и безопасность себе и своим близким, если будем думать, что несем ответственность только за то, что происходит в нашем доме.

В начале мая сотни жителей района приняли активное участие в субботниках по наведению чистоты и порядка в нашем районе. Однако, даже на примере райцентра нельзя сказать, что после субботников село кардинально преобразилось, стало действительно чистым, каким должен быть современный районный центр, к стандартам которого мы стремимся приблизиться.

Некоторые жители посчитали, что наведение чистоты и порядка- это забота других. А ведь Цумадинский район - наш общий дом, который захламляем мы сами, ожидая, что чистота потом возникнет сама собой. О низком стремлении к окружающей чистоте, к сожалению, свидетельствует территория вокруг ряда торговых предприятий, места, где установлены мусорные контейнеры, общие дворы, где располагается несколько хозяйств одновременно. Стоит ли нам ограничиться разовыми субботниками, а остальное время наблюдать как мы сами, создаём нашему любимому району с богатой историей образ высокогорного неряхи?

Думаю, что нельзя постоянно откладывать решение вопроса о чистоте в Цумадинском районе и безучастно выслушивать критику в наш адрес по поводу антисанитарии и неблагоустроенности. На сегодняшний день эта критика заслужена и справедлива, нас есть в чем упрекнуть и это наша общая вина, общая ответственность. Мы сами должны решить, каким будет наш быт сегодня и завтра, каким увидят район наши гости и каким мы оставим Цумадинский район своим детям и внукам!

Давайте все вместе, каждый день, шаг за шагом, утверждать культ чистоты - в доме, во дворе, на улице и работе, в нашем сознании, в помыслах и действиях. Гармония внутренней и внешней чистоты должна стать образом жизни каждого из нас. Только вместе мы можем сделать наш район ухоженным, красивым, экологически безопасным, благоприятным для душевного и физического здоровья.

Я обращаюсь, в первую очередь, к вам, милые женщины нашего района. Ведь нашу роль в обществе трудно переоценить: именно от нас зависит физическое и моральное здоровье подрастающего поколения. Мы первые учителя своих детей и первые жизненные уроки ребёнок получает от нас. Семья даёт ребёнку первые представления о добре и зле, о нормах нравственности, о правилах жизни в обществе, первые трудовые навыки. Именно в семье складываются жизненные планы и идеалы человека. В наших силах воспитать следующее поколение цумадинцев, с детства прививая им стремление к чистоте и порядку, любовь и трепетное отношение к своему родному краю.

Я обращаюсь ко всем жителям- сохраняйте чистоту и порядок на улицах родного района! Не выбрасывайте мусор на проезжую часть. Помните, чистота улиц и дворов -это здоровье наших детей и показатель общей культуры.

Я обращаюсь к молодёжи - общаться, жить и любить в чистоте - это современно, это модно, в конце концов! Давайте создавать стильный район, а не превращать его в средневековое захолустье.

Я обращаюсь к деятелям культуры и образования, работникам дошкольных и школьных учреждений! Необходимо активнее подключиться к работе по формированию культуры чистоты и опрятности среди юного поколения цумадинцев, призвать граждан, особенно молодых, к любви к родному району, к бережному отношению к окружающей среде!

Только вместе, всем обществом, мы сможем сделать наш район чище и краше. Давайте объединимся и встанем на защиту собственного здоровья, благополучия и чистоты родного края!

**Асият Ибрагимова**, председатель Совета женщин при Главе МР «Цумадинский район»

## Гьан бичулеб павильон рагьана



Агъвали росдал базаралде районалъулго ва цогидал районазул росабалъа рачIунаан гьан бичизе гIадамал. Амма гьез гьан бичулеб бакI букIана санитариял тIалабал цIуничIеб, хIурул цIураб стадионалъул байданалда. Риидал бухIараб бакъукь хасго лазат бахъун букIунаан ричарухъабазулгун гьан босулезул.

Гьединлъидал гIадамазул гIарзал рукIунаан ва ветеринарияб хъулухъалъул хIалтIухъабазги тIалаб гьабулеб букIана росдал администрациялдаса санитариял тIалабазде данде кколеб гьан бичулеб бакI рагьеян.

Дагьаб цебе киналго рохараб иш ккана: гьеиб рагьана гьан бичулеб павильон, жаниб буго гьанал хал гьабулеб ветеринарияб лабораториягун санитарияб рукъ. Ричарухъабазе рес щвана шартIал ругеб бакIалда жидерго гьан бичизе ва гьелдаса рази руго бичулелгун босулел.

ХIисабалда буго павильон къойил хIалтIулеблъун гьабизе. Гьелъ квербакъила районалда гIи-боцIи хьихьулезул къадар цIикIине, халкъалъул яшав лъикIлъизе ва, аслияб жо, бехеса бачIунеб унтараб боцIул заралияб гуреб, экологияб рахъалъ бацIцIадаб нилъерго гьаналдалъун халкъ хьезабизе.

**МухIамаддибир Зубаиров**

«Редакция газеты «Цumadinsкий голос»»

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)»
Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь Х.ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цlумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «Цlумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цоги далги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -1780 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гьулбасизе ккола ан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гьулбасана l6 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## Военный прокурор разъясняет

В соответствии с Федеральным законом от 1 мая 2016 г. № 125-ФЗ «О внесении изменения в статью 12 Федерального закона «О социальных гарантиях сотрудникам некоторых федеральных органов исполнительной власти и внесений изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации» изменения позволят обеспечить получение единовременной денежной компенсации лицами, признанными инвалидами вследствие военной травмы, в зависимости от степени утраты трудоспособности, а не вида получаемой ими пенсии (ранее получение пенсии за выслугу лет являлось основанием для отказа в предоставлении указанной компенсации).

**А.А.Лучко,** военный прокурор гарнизона, полковник юстиции

## «Мак-2016» тадбир

Районалда лъазабун буго иргадулаб «Мак-2016» тадбир.

Гьеб тIобитIизе буго кIиго этапалда:

27 июналдаса 31 июлалде щвезегIан ва 10 августалдаса 30 сентябралде щвезегIан.

Тадбир тIобитIулеб буго районалда наркотикиял жал хIалтIизарулезде данде къеркьей, гьел хурзабахъ, гIалахазда бекьулел, хьалел гIадамал тIатинари, кIотинарулел жалазул хьархьал хвезари мурадалда.

КIочон тоге, ахирал соназ габанидул хьон гIадамаз квание гуреб, гIун бачIунеб гIел чIваялъе хIалтIизабулеб букIин, гьеб хIалтIизабулезда ва хьалезда гIакIа къотIула 300 000 гъурущ яги кIиго лъагIелалъ эркенлъиялдаса махIрум гьавула.

Габани ва цогидалги наркотиказде гьорлъе унел гIалхуда рижунел хурдул тIагIинариялъе тадбирал гьаричIони, ракьул бетIергьанасда ялъуни ракьалдаса пайда босулезда тIад къотIула гIакIа: гражданазда - азаралда щунусиялдаса кIиазариде бахинегIан гъурущ, хьулухъалъулав чиясда - лъабазаралдаса ункъазарго гъурщиде бахинегIан, юридическияб организациялда - лъеберазар гъурщидаса кIикъоазарго гъурщиде бахинегIан.

Росдал администрациязул бутIрузе хIажатаб буго гьединал хурдул тIатинариялда ва тIагIинариялда сверухъ хIалтIи гьабизе.

**ГIабдулхабир ГIабдулхабиров,** ОМВДялъул оперуполномоченный

# Щиб жо кколеб глаукома?

ЧIагояб бералда жаниб ккола гьоркьоса къотIи гьечIеб хиса-баси, лъугьуна лъамалъи ва гьеб къватIибе бецIцIула. Гьеб ккола беразул гIумруялъе чара гьечIого хIажалъулеб жо. Гьелъул гIадлу-низам хола беразда жаниб кинабгIаги хиса-баси, сакъатлъи кколеб бугони, беразул бидул тIадецуй гIодобе ялъуни тIаде ккун бугони. Гьеле гьелъ рачуна беразул унти-глаукомаялде.

ХъахIбералъ къабул гьабуларо цIакъго цIикIкIараб бидул тIадецуй. Халатбахъараб заманаялъ гьеб бугони, бецлъизе, хIатта, тIубанго канлъи босизеги рес буго.



Глаукома буго кIиго батIияб: рагьараб ва рагьичIеб (тIатараб ва тIатинчIеб). Гьелъул тIоцебесеб цIикIкIун дандчIвала ва гьелъ, жиндаго лъачIого, рачуна тIубанго бецлъиялде.

Гьединал унтарал тохтурасухъе кватIун рачIиналда бан, захIмалъула хIажатаб кумек гьабизе. Глаукомаялъул кIиабилеб къагIида буго тIубанго батIияб. Гьеб байбихьула беразда жаниб кутакаб унтул хIасилалда, унтараб бер бугеб рахъалда байбихьула ботIрол унти, лъугьуна хIалкъай, кIвахIаллъи, унтараб бер багIарлъула, гьелъул хьал гIурччинлъизе, ай, кьер свине байбихьула. Гьедин загьирлъула глаукомаялъул унтул гIаламатал. Гьеб унтиялъ унтарав нахъбахъичIого беразул тохтурасухъе вачIине ккола.

Глаукомаялъ унтарасе загьирлъула беразда цебе хьухь лъугьунеб букIин, бакъул ялъуни чирахъалъул канлъуда сверухъ гургинаб нурлъул хIуби чIолеб букIин ва цогидабги.

Глаукомаялъ берзул канлъи ин буго тIадбуссин гьечIеб иш. Гьеб унтул байбихьудаго лъикIаб буго берал сах гьаризе, жеги канлъи цIунун бугебгIан мехалда.

Глаукома ккола кIикъого соналдаса тIадехун индал гIемерисезулъ тIатунеб беразул унти. Щивасда лъазе ккола, гьединаб гIумруялдаса тIаде сонал индал, лъагIалида жаниб кIиго-лъабго нухалда беразул бидул тIадецуй борцине кколеблъи.

Нервабазул батIи-батIиял унтабаз, гипертониялъ, чакаралъул диабеталъ унтарал ялъуни цебеккун глаукома букIарал гIадамал, беразул бидул тIадецуялда хадуб щибаб къойилаб хьаравуллъи ккевзе ккола. КигIан гьитIинабги гьеб рахъалъ хиса-баси кколеб бугони, больницаялда регун гьеб сахлъизабизе ккола.

Нилъер республикаялъул беразул унтабазул больницаялда буго глаукомаялъул отделение. Гьанжесел тIалабазда рекъон, гьениб гьабула беразул мухIканаб халгьаби ва унтарал сах гьарула.

Глаукомаялъ унтарал гIадамал сах гьарулеб бищунго цебетIураб къагIида ккола хирургиялъулаб, ай операциялъул кумекалдалъун сахгьари. Гьединал унтаразе операция гьабизе ккола унти басралъилелде, жеги берзул канлъи букIаго. МахIачхъалаялда бугеб Республикаялъул офтальмологиялъул больницаялда, гьабсагIат гьарула микрохирургиялъул кумекалдалъун беразе операция ва гьедин гIемерисел унтаразул канлъи тIадбуссинабула.

**Муса СаидахIмадов,** беразул тохтур

## Лъазаби

2016 соналъул 2-3 июлалда Буйнакск районалъул Герейавлахъалда тIобитIизе буго кIалбиччан къоялъул хIурматалда, республикаялъул росдал магIишаталъул нигIматал гьарулел гIахьаллъараб ярмарка.

1990 соналъ Агъвали росдал гьоркьохьеб школалъ КъуратмухIамадов КъуратмухIамад ГIабдулаевичасул цIаралда кьураб Б 298605 аттестат билун буго. Гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

Спорт

## Эркенаб гугари

### ЦIумадисезул бергьенлъаби



Гьал къоязда Румыниялъул Бухарест шагьаралда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб Европаялъул первенство.

Гьенив гIахьаллъарав нилъер районалъул ТIисси росулъа ГIабасхIажи МухIамадовасе 55 кг. цIайиялда щвана тIоцебесеб бакI.

Баркула ГIабасхIажида бергьенлъи. Гьарула гьесие сахлъи, рохел, икъбал ва талихI.

…………….

24-26 июналда Армениялъул Ванадзор шагьаралда тIобитIана Степан Саркисянил призазе гIоло эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб турнир. Гьениб 70 кг. цIайиялда МухIамадхIабиб КъадимухIамадовасда вацадав речIчIухьан гьенив вукIинчIо. Щибаб дандчIваялда ракIчараб бергьенлъиги босун, МухIамадхIабиб вахьана гьеб цIайиялда чемпионлъун.





57 кг. цIайиялда кIиабилеб бакI щвана ХIасанхIусен Бадрудиновасе ва 61 кг. цIайиялда лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана АхIмад ГIабдулаев.

Баркула гьезда бергьенлъаби ва гьарула сахлъи, талихI, икъбал хадурккун жеги чIахIиял бергьенлъаби.

**ТI.ГIабдулбасиров**